

**SIGNATURE HEALTHCARE
BROCKTON HOSPITAL**

Sijè : Regleman sou asistans finansye	Paj 1 nan 11 paj
Dat orijinal li antre an vigè : Septanm 2016	Dat yo te revize l : Fevriye 2018, jiyè 2018, septanm 2019 Kòd klasifikasyon : 400.115
	Dat yo te revize l :
Referans yo :	Seksyon sou regleman yo : IV Depatman / komite ki te bay li a : Finans

OBJEKTIF : Regleman sou asistans finansye a bay konsèy ak pwotokòl yo dwe itilize yo pou idantifye ak ede pasyan yo ki pa an mezi pou peye pou sèvis medikal Brockton Hospital ba yo a.

REGLEMAN : Lopital la ap ede moun ki pa asire yo ak moun asirans yo genyen an pa sifi pou aplike pou kouvèti swen sante oswa asistans finansye atravè pwogram asistans piblik oswa atravè pwogram asistans finansye lopital la (ki gen ladan l, men pa limite a sa yo sèlman : MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children’s Medical Security Program nan, Health Safety Net, oswa Medical Hardship), ak asiste / travay ak moun yo pou ede yo aplike oswa anwole lè l apwopriye.

RESPONSABLITE : Se Depatman Aksè a pasyan yo ak Sèvis finansye pasyan yo ki responsab pou jere regleman sa yo.

ETANDI KOUVÈTI & PWOSEDI : Regleman sa a bon pou ijans, swen ki medikalman nesèsè ak lòt swen Brockton Hospital bay (« lopital la ») tankou swen, yon lòt antite ki gen bonjan rapò ak lopital la bay nan lopital la, e ki gen ladan l kèk andwa ak pwofesyonèl byen detèmine yo idantifye nan regleman sa a.

Lopital la se premye kote k ap bay swen ki ap founi swen ki medikalman nesèsè pou tout moun ki vini nan enstitisyon ak batiman l yo san yo pa konsidere si moun ka oswa pa ka peye. Lopital la ofri swen sa a pasyan, ki pa t nan lopital, la ki vin nan enstitisyon nou yo 24 è pa jou, sèt jou pa semèn ak 365 jou pa ane. An konsekans, lopital la pran angajman pou l bay tout pasyan nou yo swen ak sèvis ki gen bonjan kalite. Nan kad angajman sa a, lopital la ap travay ak moun yo ki gen revni ak resous limite pou yo jwenn opsyon ki disponib yo pou peye pou swen yo.

Lopital la ap ede moun ki pa asire yo ak moun asirans yo genyen an pa sifi pou aplike pou kouvèti swen sante atravè pwogram asistans piblik oswa atravè pwogram asistans finansye lopital la (ki gen ladan l, men pa limite a sa yo sèlman : MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children’s Medical Security Program nan, Health Safety Net, oswa Medical Hardship), ak travay ak moun yo pou ede yo anwole lè l apwopriye. Yo detèmine asistans pwogram sa yo lè yo revize, pami lòt bagay, revni fwaye a, byen yo posede, kantite moun ki nan fanmi an, depans yo ak bezwen medikal yo.

Anmenntan lopital la ap asiste pasyan yo pou yo jwenn kouvèti sante atravè pwogram piblik yo ak asistans finansye atravè lòt sous yo, tankou lopital la, lè sa apwopriye, lopital la ka tou oblije, an bòn edifòm, pou l voye bòdwo ak rekouvre peman espesifik ki ka gen ladan yo, men ki pa limite a sa yo sèlman, ko-peman, dediktib, avalwa ak lòt kantite lajan ki aplikab yo, pasyan an te dakò pran responsablite pou yo. Lè y ap anrejistre pou sèvis yo oswa si yo resevwa yon bòdwo, lopital la ankouraje pasyan yo pou yo kontakte anplwaye nou yo pou detèmine si pasyan yo ak / oswa yon manb nan fanmi yo gen bezwen ak kalifye pou asistans finansye.

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 2 nan 11

Lè l ap travay ak pasyan yo pou jwenn asistans piblik disponib yo oswa kouvèti atravè asistans finansye lopital la, lopital p ap fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sitwayènte, peyi moun nan soti, relijyon, kwayans, oryantasyon seksyèl, idantifikasyon sèks moun nan, laj oswa andikap nan regleman l yo oswa nan aplikasyon regleman yo konsènan fason l ap chache ak verifye enfòmasyon finansye yo, pre-admisyon oswa avalwa anvan tretman yo, plan peman yo, admisyon yo ranvwaye oswa rejte, detèminasyon si yon endividi kalifye pou estati Pasyan ki Gen Ti Revni selon jan sistèm elijiblite MassHealth / Connector Massachusetts la detèmine l la oswa atestasyon enfòmasyon yo pou detèmine estati pasyan ki gen Ti Revni. Konsa, Konsèy administrasyon Brockton Hospital la te revize ak apwouve regleman sa yo.

Kòm nou konnen chak endividi gen yon sitiyasyon finansye patikilye, yo ka jwenn enfòmasyon ak asistans konsènan si yo elijib pou pwogram asistans piblik yo ak / oswa kouvèti atravè pwogram asistans finansye lopital la lè yo kontakte Depatman Konsèy Finansye lopital la ki nan kanpis prensipal lopital la nan 680 Centre Street, Brockton, MA ant 7:00AM — 4:30PM, lendi a vandredi oswa nan telefòn nan (508) 941-7919, ant 7:00AM a 11:30PM, lendi a vandredi, epi ant 8:00AM a 4:30PM lè samdi ak dimanch.

Plis enfòmasyon sou regleman sa yo ak pwogram asistans finansye lopital la ki gen ladan l fòm ak rezime sou regleman asistans finansye yo nan yon langaj ki klè disponib nan sit entènèt lopital la nan : <https://www.signature-healthcare.org/Patients-Visitors/Patient-Forms/Financial-Assistance>

Yo dekri mezi yo lopital la ka pran oka yo pa peye l nan yon seri regleman separe sou voye bòdwo ak rekouvreman ki disponib nan sit entènèt lopital la nan : <https://www.signature-healthcare.org/Patients-Visitors/Patient-Forms/Financial-Assistance>

Kouvèti pou sèvis swen sante yo ki medikalman nesèsè

Lopital la ap bay sèvis swen sante medikal ak konpòtmantal ki medikalman nesèsè tout pasyan ki vini nan lopital la san yo pa konsidere si moun nan ka oswa l pa ka peye. Pami sèvis medikalman nesèsè yo, yo jwenn tout sèvis yo atann rezonabman k ap prevni, dyagnostike, anpeche vin pi mal, soulaje, korije oswa trete maladi ki met lavi yon moun an danje, ki lakoz soufrans ak doulè, ki lakoz defòmasyon fizik oswa moun nan pa ka fonksyone byen, ki menase pou l lakoz oswa agrave yon andikap, oswa l pwovoke yon maladi oswa enfimite. Pami sèvis ki medikalman nesèsè yo, yo jwenn sèvis yo bay pasyan ki entènè oswa sa k pa entènè yo jan Chapit XIX lalwa sou Sekirite Sosyal la otorize l la.

Pwofesyonèl medikal k ap bay tretman an ap detèmine ki tip ak nivo swen ak tretman ki nesèsè pou chak pasyan k ap baze sou sentòm klinik yo genyen yo ak an akò ak estanda pratik ki an vigè yo. Lopital la ap swiv lalwa federal sou Tretman medikal an ijans ak pou fanm ki gen tranche (an anglè **EMTALA**) lè l fè yon konsiltasyon depistaj pou pasyan yo ki vin chache swen dijans nan lopital la pou l detèmine si yon ijans medikal ekziste reyèlman.

Yo baze klasifikasyon sèvis ki ijan ak sèvis ki pa ijan sou definisyon jeneral ki anba yo ak avèk tou sou sa klinisyen medikal la detèmine. Lopital la itilize tou definisyon sou sèvis swen ijan oswa ki bezwen atansyon imedya yo ki anba a nan objektif pou detèmine sa y ap pèmèt pase kòm kouvèti move dèt pou ijans ak pou swen imedya dapre pwogram asistans finansye lopital yo ki gen ladan l Health Safety Net.

A. Sèvis swen ijan ak ka ki bezwen atansyon imedya yo

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 3 nan 11

Y ap evalye nenpòt pasyan ki vin nan lopital pou mande asistans an ijans apati sentòm klinik pasyan an genyen san yo pa konsidere idantifikasyon pasyan an, kouvèti asirans li oswa kapasite l pou l peye. Lopital la p ap fè okenn aksyon pou dekouraje moun vin chache swen medikal ijan, tankou mande pasyan yo pou yo peye anvan yo resevwa swen pou maladi medikal ijan yo a, oswa entèfere nan aktivite pou fè depistaj la ak pou swen medikal an ijans lè yo t a diskite anvan kesyon pwogram asistans finansye lopital la oswa kalifikasyon pou pwogram asistans piblik yo.

- a. Nivo sèvis ijans yo gen ladan yo tretman pou :
 - i. Yon maladi medikal, kit li fizik kit li mantal, ki manifeste nan kèk sentòm ki ase grav tankou gwo doulè *a on pwen yon layik pridan ki gen yon konesans mwayen nan domèn sante ak medsin, ka atann ak bonjan rezon, si moun nan pa resevwa atansyon medikal rapid sa ka mete sante l oswa sante yon lòt moun nan gwo danje, gwo deranjman nan fonksyonman kò l oswa move fonksyonman grav nenpòt ògàn oswa pati nan kò l oswa sa ki gen rapò ak yon fanm ansent jan sa defini nan seksyon 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B).*
 - ii. An akò ak ekzijans federal yo, EMTALA ap deklanche pou nenpòt moun ki vin lopital la ki mande pou yo konsilte yo oswa trete yo pou yon ijans (jan yo defini l anwo a) oswa ki antre nan depatman ijans la epi mande pou yo konsilte l oswa trete l pou yon maladi medikal. Pi souvan, moun yo ki pa gen randevou yo vin nan depatman ijans. Sepandan, moun ki pa gen randevou yo ki vin mande sèvis pou yon maladi medikal ijan lè y al nan yon sant kote pasyan entène / sant klinik ekstèn oswa lòt kote oksilyè yo, y ap evalye yo tou epi gen chans pou yo transfere yo kote ki pi apwopriye pou yon konsiltasyon medikal depistaj an ijans an akò ak EMTALA. Konsiltasyon ak tretman pou maladi medikal ijan oswa nenpòt lòt sèvis yo bay depi se yon ekzijans dapre EMTALA, y ap bay pasyan l yo epi y ap kalifye kòm nivo swen ijans. Se klinisyen k ap bay tretman oswa lòt pèsònèl medikal kalifye nan lopital la k ap detèmine si yon moun gen yon maladi medikal ijan epi y ap dokimante l nan dosye medikal lopital la.
- b. Sèvis swen ijan gen ladan yo tretman pou kondisyon ki anba yo :
 - i. Sèvis, Medikalman Nesesè, yo bay nan Lopital ki bay swen pou Gwo maladi yo apre kòmansman sibit yon maladi medikal, kit li fizik kit li mantal, ki manifeste nan kèk sentòm ki ase grav (tankou gwo doulè) *a on pwen yon layik, ka atann ak bonjan rezon epi ka kwè si moun nan pa resevwa atansyon medikal nan entèval 24 èdtan sa ka mete sante l nan gwo danje, gwo deranjman nan fonksyonman kò l oswa move fonksyonman grav nenpòt ògàn oswa pati nan kò l.* Yo bay swen imedyà pou maladi yo ki pa menase lavi yon moun e ki pa gen gwo risk pou lakoz domaj grav nan sante yon moun. Sèvis swen imedyà pa gen ladan yo sèvis swen regilye oswa swen elektif.

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 4 nan 11

B. Sèvis ki pa ka ijan, ki pa bezwen atansyon imedya yo :

Pou pasyan yo (1) klinisyen k ap bay tretman an detèmine se pa yon ka ki merite nivo swen ijan oswa ki bezwen atansyon imedya (2) ki vin chache swen ak tretman apre yo te fin estabilize maladi medikal yo a an ijans, lopital la ka deside jan swen sa yo se sèvis swen regilye oswa elektif.

- a. Sèvis swen regilye oswa elektif gen ladan yo swen medikal ki pa merite nivo swen ijan oswa ki pa bezwen atansyon imedya epi moun yo ak fanmi yo vin mande sèvis sa yo pou kenbe tèt yo an sante oswa pou prevni maladi. Jeneralman, sèvis sa yo se pwosedi / randevou pasyan an oswa moun k ap bay swen an pran alavans oswa menm jou a pou sante medikal oswa konpòtmantal nan youn nan enstitisyon lopital la ki gen ladan l, men ki pa limite a sa yo sèlman, kanpis prensipal la, sant ki nan yon lòt zòn, ak tou, biwo yon doktè, yon klinik oswa yon sant sante kominotè ki afilye avè n. Dabitid swen regilye gen ladan yo, sèvis swen sante moun ki bay swen jeneral, moun ki bay swen familyal, entènis jeneral yo, pedyat jeneral, enfimyè jeneral ki kalifye pou konsilte pasyan yo oswa asistan doktè yo bay nan yon sant swen regilye. Swen regilye pa bezwen resous espesyalize yon depatman ijans yon lopital ki okipe maladi ki grav e li pa gen ladan l tou sèvis oksilyè yo ak sèvis matènite.
- b. Yo ka retade oswa ranvwaye sèvis swen sante yo ki pa ka ijan yo oswa ki pa bezwen atansyon imedya yo (tankou swen regilye oswa elektif) apati yon konsiltasyon ak anplwaye klinik lopital la ak avèk tou moun ki bay pasyan an swen regilye a oswa tretman si yo disponib ak si sa apwopriye. Epitou, lopital la ka refize pou l bay yon pasyan sèvis an ijans oswa atansyon imedya si pasyan an estab medikalman epi lopital la pa an mezi pou l jwenn nan men pasyan an oswa lòt sous apwopriye yo sous peman an oswa enfòmasyon sou kalifikasyon pasyan an pou asirans sante piblik oswa prive pou peye pou swen yo ki pa ijan yo e ki pa bezwen atansyon imedya yo . Nan manyèl sou kouvèti ak nesosite medikal konpayi asirans medikal piblik ak prive yo, yo detèmine ak dekri pou ki kalite sèvis swen sante, ki gen ladan yo swen medikal ak konpòtmantal, yo bay kouvèti. Menm lè lopital la ap fè tantativ pou l detèmine kouvèti a apati kouvèti asirans yo konnen ak ki disponib pou pasyan an, yo ka voye bòdwo a bay pasyan an pou sèvis ki pa ranbousab yo e pasyan an te dakò pou l peye pou yo.
- c. Kouvèti pwogram piblik, prive oswa asistans finansye lopital la ka pa sèvi pou yon seri pwosedi regilye oswa elektif ki pa ranbousab nan kalite kouvèti asirans sa yo. Si yon pasyan pa gen sètitud yo pa kouvri yon sèvis, li dwe kontakte Depatman Konsèy Finansye lopital la ki nan kanpis prensipal lopital la nan 680 Centre Street, Brockton, MA ant 7:00AM — 4:30PM, lendi a vandredi oswa nan telefòn nan (508) 941-7919, ant 7:00AM a 11:30PM, lendi a vandredi, epi ant 8:00AM a 4:30PM lè samdi ak dimanch.

C. Adrès lopital la kote yo bay sèvis medikal nesèsè yo e regleman asistans finansye a kouvri :

Regleman asistans finansye lopital la kouvri tout kote sa yo ki anba a kote pasyan yo ka jwenn tou enfòmasyon sou disponiblite pwogram asistans piblik yo :

- *Brockton Hospital*
 - o *680 Centre St, Brockton, MA*
- *Brockton Hospital Outpatient Care Center*
 - o *130 Quincy Avenue, Iye ak 2zyèm etaj, Brockton, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital*
 - o *110 Liberty Street, Iye etaj, Suit #1B, Brockton, MA*

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 5 nan 11

- *Signature Healthcare Brockton Hospital Imaging*
 - o *31 Roche Brothers Way, Easton, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Rehabilitation Services*
 - o *1215 Broadway, 1ye ak 2zyèm etaj, Raynham, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital @430 Liberty Street*
 - o *430 Liberty Street, Suit #7, Hanson, MA*
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Rehabilitation Services East Bridgewater*
 - o *635 Plymouth Street, East Bridgewater, MA 02333*
- *Signature Healthcare Greene Cancer Treatment Center*
 - o *25 Libby Street, 1ye ak 2zyèm etaj, Brockton, MA*
- *Brockton Radiation Oncology, LLC*
 - o *25 Libby Street, Brockton, MA*
- *Shields Signature Imaging, LLC*
 - o *680 Centre Street, Brockton, MA*

Yon lis, gwoup pwofesyonèl sante ak depatman yo kouvri anba regleman sa a apa sa yo ki nan batiman lopital yo menm, k ap bay swen ijans, swen imedyà oswa swen ki medikalman nesèsè nan Brockton Hospital, disponib nan sit entènèt Brockton Hospital la nan <https://www.signature-healthcare.org/Patients-Visitors/Patient-Forms/Financial-Assistance>

Regleman asistans finansye lopital la pa kouvri sèvis pwofesyonèl sante, ki pa anplwaye lopital la, tankou anestezi, radyològ, patològ elatriye byenke yo gen privilèj pou yo bay sèvis nan enstitisyon lopital la k ap bay sèvis ijans, swen imedyà oswa medikalman nesèsè nan Brockton Hospital. Yon lis pwofesyonèl sa yo disponib nan sit entènèt Brockton Hospital nan <https://www.signature-healthcare.org/Patients-Visitors/Patient-Forms/Financial-Assistance>

II Pwogram asistans piblik yo ak asistans finansye lopital la

A. Rezime jeneral sou pwogram kouvèti sante yo ak asistans finansye yo

Pasyan lopital yo ka kalifye pou sèvis swen sante gratis oswa a pri redwi atravè plizyè pwogram asistans piblik eta a ak avèk tou pwogram asistans finansye lopital la (ki gen ladan l, men pa limite a sa yo sèlman : MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children's Medical Security Program nan, Health Safety Net ak Medical Hardship), ki gen ladan l pwogram rabè lopital la pou moun k ap peye ak lajan nan pòch yo. Yo mete pwogram sa yo nan entansyon pou ede pasyan ki gen ti revni yo pandan y ap konsidere posiblite chak moun pou kontribye nan kantite lajan swen l koute a. Moun ki pa asire yo ak moun asirans yo genyen an pa sifi, lè yo mande, lopital la ka ede yo aplike pou kouvèti swa atravè pwogram asistans piblik yo oswa atravè pwogram asistans finansye lopital la ki kouvri tout oswa yon pati nan bòdwo lopital yo pako peye yo.

Lopital la ka avèk prezonpsyon detèmine yon pasyan kalifye pou yon asistans finansye dapre regleman asistans finansye a apati enfòmasyon ki pa t enfòmasyon pasyan an te bay yo oswa apati yon detèminasyon pou elijiblite yo te fè anvan. Nan ka yon pasyan kote lopital la te detèmine li kalifye pou yon asistans finansye ki pi piti pase asistans finansye ki pi jenere a dapre regleman asistans finansye a,

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 6 nan 11

lopital la ap : (i) fè pasyan an konnen sou kisa yo te baze prezonpsyon pou detèminasyon elijiblite l la ak mwayen pou l aplike pou asistans ki pi jenere ki disponib dapre regleman sou asistans finansye a; (ii) bay pasyan an yon peryòd tan ki rezonab pou l aplike pou asistans ki pi jenere a epi (iii) si pasyan an soumèt yon aplikasyon konplè pou l mande yon asistans finansye ki pi jenere, pandan peryòd aplikasyon an, detèmine si pasyan an elijib pou yon rabè ki pi jenere.

B. Pwogram asistans piblik eta a

Lopital la disponib pou l ede pasyan anwole nan pwogram kouvèti sante eta yo. Yo gen ladan yo MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children's Medical Security Program nan. Pou pwogram sa yo, aplikan yo ka soumèt yon aplikasyon atravè yon sit sou entènèt (ki lokalize santralman nan sit entènèt Health Connector eta a), yon aplikasyon sou papye oswa nan telefòn avèk yon reprezantan sèvis pou kliyan yo k ap travay nan swa MassHealth oswa nan Connector a. Moun yo ka mande tou asistans konseye finansye lopital la (yo rele tou konseye sètifye pou fè aplikasyon) lè y ap soumèt yon aplikasyon swa sou entènèt oswa yon aplikasyon sou papye.

C. Asistans finansye lopital la

Lopital la tou bay asistans finansye pou pasyan yo, revni yo montre, yo pa gen posiblite pou peye pou tout oswa yon pati nan sèvis yo te ba yo a. Pasyan yo ki se rezidan Massachusetts yo ak / oswa ki rete nan zòn sèvis lopital la ka oblije ranpli aplikasyon eta a pou kouvèti Medicaid oswa pou asirans sante sibvansyone anvan yo chache kouvèti atravè chwa asistans finansye pa lopital la. Pasyan yo ki kalifye yo ap elijib pou regleman asistans finansye lopital apati kritè ki anba yo :

C.1. Asistans finansye lopital la atravè Health Safety Net

Atravè patisipasyon l nan Massachusetts Health Safety Net, lopital la bay asistans finansye pou pasyan ki se rezidan Massachusetts ak ki satisfè nivo revni an, ki gen ti revni ki pa asire ak asirans yo genyen an pa sifi. Yo te kreye Health Safety Net la pou distribye yon fason ki pi jis depans swen yo fè pou gwoup pasyan yo ki gen ti revni ki pa asire ak sa asirans yo pa sifi, atravè swen gratis oswa a pri redui nan lopital nan Massachusetts ki bay malad grav yo swen. Swen pou gwoup, ki pa ka peye, Health Safety Net la, yo fè l atravè yon evalyasyon yo fè pou chak lopital pou kouvri depans swen pou pasyan ki pa asire yo ak pasyan yo asirans yo a pa sifi epi revni yo pi ba pase 300% liy povrete federal la. Se regleman lopital la pou tout pasyan, ki resevwa asistans finansye anba regleman asistans finansye lopital la, antre nan sèvis Health Safety Net la kòm yon pati nan swen gwoup ki pa ka peye yo bay pou pasyan ki gen ti revni yo.

Atravè patisipasyon l nan Health Safety Net la, pasyan yo ki gen ti revni yo ki resevwa sèvis nan lopital la ka kalifye pou asistans finansye, ki gen ladan l swen gratis oswa pasyèlman gratis pou sèvis ki kalifye pou Health Safety Net yo nan 101 CMR 613:00.

(a) Health Safety Net - Primè

Pasyan ki pa asire e ki se rezidan Massachusetts epi yo verifye revni MAGI MassHealth fwaye a oswa revni Medical Hardship fwaye a, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), ant 0-300% liy povrete federal la (an anglè FPL) yo ka detèmine yo kalifye pou sèvis ki elijib pou Health Safety Net.

Peryòd elijiblite ak tip sèvis pou Health Safety Net - Primè se sèlman pou pasyan ki kalifye pou pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere a, jan yo dekri sa nan 101 CMR 613.04(5)(a) ak (b) a. Pasyan yo ki anba ekzijans Student Health Program M.G.L. la. c. 15A, § 18 pa elijib pou *Health Safety Net — Primè*.

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 7 nan 11

(b) Health Safety Net – Segondè

Pasyan yo ki se rezidan Massachusetts ki gen asirans sante primè ak revni fwaye MAGI MassHealth la oswa Medical Hardship Family Countable Income (revni ki fè yon konsidere yon fanmi an difikilte pou l peye bòdwo medikal) jan yo dekri l nan 101 CMR 613.04(1), ant 0 a 300% FPL la, yo ka detèmine yo kalifye pou sèvis ki elijib pou Health Safety Net. Peryòd elijiblite ak tip sèvis pou *Health Safety Net - Segondè* se sèlman pou pasyan ki kalifye pou yo anwole nan pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere a, jan yo dekri sa nan 101 CMR 613.04(5)(a) ak (b). Pasyan yo ki anba Student Health

Ekzijans pwogram M.G.L. c. 15A, § 18 pa kalifye pou Health Safety Net – Primè.

(c) Health Safety Net - Dediktib pasyèl

Pasyan ki kalifye pou Health Safety Net Primè oswa Health Safety Net - Segondè ak revni fwaye MAGI MassHealth la oswa Medical Hardship Family Countable Income (revni ki fè yon konsidere yon fanmi an difikilte pou l peye bòdwo medikal) and 150.1% and 300% liy povrete federal (an anglè FPL) la ka sijè a yon dediktib anyèl si tout manb nan Premium Billing Family Group (PFBG) gen yon revni ki pi plis pase 150.1% FPL la. Yo defini gwoup sa a nan 130 CMR 501.0001

Si nenpòt manb PFBG a gen yon FPL ki pi ba pase 150.1% p ap gen dediktib pou okenn manb PFBG a. Dediktib anyèl la pral sa k pi gwo nan :

1. pri asirans ki pi ba a nan Premium Assistance Payment Program Health Connector ap jere a, ajiste ak kantite moun ki nan PFBG pwoposyonèlman a estanda revni FPL MassHealth la, jan l te ye nan kòmansman ane sivil la ; oswa
2. 40% diferans ant revni fwaye MAGI MassHealth la ki pi piti a oswa Medical Hardship Family Countable Income (revni ki fè yon konsidere yon fanmi an difikilte pou l peye bòdwo medikal) jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1) nan Premium Billing Family Group (PFBG) aplikan an ak 200% FPL la.

(d) Health Safety Net - Medical Hardship

Yon rezidan Massachusetts ki gen nenpòt revni ka kalifye pou Medical Hardship atravè Health Safety Net si kantite lajan yo fè pou depans medikal yo redui revni yo gen a dispozisyon yo a yon pwèn yo pa an mezi pou peye pou sèvis sante yo. Pou kalifye pou *Medical Hardship*, depans medikal yo pèmèt aplikan an fè dwe depase yon sèten pousantaj nan revni ki a dispozisyon aplikan an nan 101 CMR 613 jan yo defini l anba a :

Nivo revni a	Pousantaj revni ki a dispozisyon yo
0 - 205% FPL	10%
205,1 - 305% FPL	15%
305,1 - 405% FPL	20%
405,1- 605% FPL	30%
Plis pase 605,1%	40%

Yo kalkile kontribisyon pa aplikan an kòm yon pousantaj revni yo konsidere nan 101 CMR 613.05(1)(b) ki baze sou Medical Hardship Family's FPL multipliye pa Revni yo konsidere kounye a mwens peman bòdwo ki pa kalifye pou peman Health Safety Net, aplikan ap toujou responsab pou l peye yo. Yo espesifye kondisyon yo pou *Medical Hardship yo nan 101 CMR 613.05*.

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 8 nan 11

C.2. Asistans finansye adisyonèl lopital la

Anplis Health Safety Net la, lopital la ofri yon rabè pou pasyan k ap peye ak lajan pòch yo pou sèvis yo lè yo verifye pasyan, ki pa asire yo k ap peye ak lajan pòch yo a, pa kalifye pou MassHealth, Health Safety Net oswa nenpòt lòt pwogram asistans medikal oswa finansye. Yo fè rabè yo pou pri yo egal ak frè Medicare peye yo nan lè sèvis la. Pa gen kondisyon sou nivo revni oswa byen pasyan an posede ki asosye ak rabè sa a. Asistans finansye sa la pou sipleman, men pa pou l ranplase lòt kouvèti pou sèvis yo pou asire yo ka bay asistans finansye a lè yon moun bezwen l. Lopital la p ap refize bay asistans finansye anba regleman asistans finansye li a akòz aplikan an pa reyisi bay enfòmasyon oswa dokimantasyon an sofsi yo te dekri epi enfòmasyon oswa dokimantasyon an nesèsè nan detèminasyon asistans finansye atravè fòm aplikasyon an.

D. Limitasyon nan kantite lajan pou yo peye a

Lopital la p ap mande okenn moun, ki kalifye pou asistans dapre regleman asistans finansye pou swen ijans ak ki medikalman nesèsè, pou yo peye plis pase frè Medicare yo pou sèvis sa yo.

Lopital la ap mande tout moun, ki kalifye pou asistans dapre regleman asistans finansye pou tout lòt swen yo, pou yo peye yon kantite lajan ki pi piti pase kou bri pou kalite swen sa yo.

E. Avi ak aplikasyon yo pou pwogram asistans finansye lopital ak asistans piblik yo

E.1 Avi sou chwa asistans finansye lopital la ak asistans piblik ki disponib yo

Pou moun sa yo ki pa asire oswa asirans yo pa sifi, lopital la ap travay ak pasyan yo pou ede yo aplike pou pwogram asistans piblik ak / oswa asistans finansye lopital la ki ka kouvri yon pati oswa tout bòdwo lopital la yo pako peye pou yo a. Nan objektif pou ede moun ki pa asire yo ak moun asirans yo a pa sifi jwenn chwa asirans ki disponib ak apwopriye, lopital la ap bay tout moun sa yo yon avi jeneral sou disponiblite pwogram asistans piblik ak asistans finansye yo premye fwa yo vin anrejistre an pèsòn pou yon sèvis nan youn nan enstitisyon yo, nan tout bòdwo y ap voye bay yon pasyan oswa moun ki ba l garanti a, ak lè yo fè pwofesyonèl sante a konnen oswa atravè efò pa l, li vin okouran chanjman nan estati elijiblite pasyan an pou l gen kouvèti asirans piblik oswa prive.

Lopital la ap afiche avi jeneral yo, epitou l ap fè kopi sou papye dokiman FAP yo ki ap disponib gratis, si yon moun mande yo, swa pa lapòs oswa lòt sèvis kourye yo nan zòn kote yo fè anrejistremant yo oswa nan zòn kote yo fè konsiltasyon yo (ki gen ladan yo, men se pa sa yo sèlman, kote moun entèn, klinik ekstèn, departman ijans yo ak nenpòt kote ki gen yon sant sante kominotè ki afilye ak lopital la), nan Biwo Konseye Aplikasyon Sètifye yo (an anglè CAC), nan zòn kote ki gen biwo jeneral biznis la kote pasyan yo konn itilize dabitid (tankou zòn admisyon ak anrejistremant oswa biwo sèvis finansye yo ki ouvè a piblik la).

Anplis, lopital ap afiche avi yo tou nan sant sante kominotè yo nan lokalite a ak nan enstitisyon pou moun aje yo ak enstitisyon edikasyon yo. Avi jeneral la ap enfòme pasyan an sou disponiblite asistans piblik ak asistans finansye lopital la (ki gen ladan MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children's Medical Security Program nan, Health Safety Net, oswa Medical Hardship) avèk tou tout kote anndan lopital la ak / oswa nimewo telefòn yo pou yo rele pou yo pran yon randevou avèk yon CAC. Objektif avi sa yo se pou asiste moun yo lè y ap aplike pou kouvèti nan youn oswa plizyè pwogram sa yo.

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 9 nan 11

E.2. Aplikasyon pou pwogram asistans finansye lopital la ak asistans piblik yo

Lopital la disponib pou l asiste pasyan yo pou anwole nan pwogram asistans piblik eta a. Yo gen ladan yo MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children's Medical Security Plan an. Apati enfòmasyon pasyan an bay, lopital la ap idantifye tou chwa kouvèti disponib yo atravè program asistans finansye ki gen ladan l pwogram Health Safety Net ak Medikal Hardship.

Pou pwogram ki se pa Medical Hardship, aplikan yo ka soumèt yon aplikasyon atravè yon sit entènèt (ki lokalize santralman nan sit entènèt Health Connector eta a), yon aplikasyon sou papye oswa nan telefòn avèk yon reprezantan sèvis pou kliyan yo k ap travay swa nan MassHealth oswa nan Connector a. Moun yo ka mande tou konseye sètifye pou fè aplikasyon lopital la pou ede yo lè y ap soumèt yon aplikasyon swa sou entènèt oswa yon aplikasyon sou papye.

Pou Medical Hardship la, lopital la ap travay ak pasyan an pou detèmine si yon pwogram tankou Medical Hardship apwopriye epi soumèt yon aplikasyon Medical Hardship bay Health Safety Net. Se obligasyon pasyan an pou l bay tout enfòmasyon nesèsè yo jan lopital la mande l la nan yon peryòd ki apwopriye pou asire l lopital ka soumèt yon aplikasyon konplè. Si pasyan an mezi pou l bay tout enfòmasyon yo nan lè yo mande l la, lopital la ap fè tout efò l pou l soumèt aplikasyon total ak konplè a nan yon entèval 10 jou travay apre l resevwa tout enfòmasyon nesèsè yo te mande yo. Si yo pa soumèt aplikasyon total ak konplè a nan yon entèval 10 jou apre yo resevwa tout enfòmasyon nesèsè yo, yo p ap ka antreprann okenn aksyon rekouvremant kont pasyan an konsènan bòdwo ki kalifye pou Medical Hardship.

Lopital la tou ka asiste pasyan yo pou anwole nan Health Safety Net lè yo itilize yon pwosesis detèminasyon ki baze sou prezonpsyon ki ap bay yon peryòd elijiblite limite. Lopital la ak anplwaye sant sante kominotè yo ap fè pwosesis la sou baz enfòmasyon pasyan an limenm sètifye ki bon epi y ap sipoze pasyan an satisfè definisyon pasyan ki gen ti revni epi y ap jwenn kouvèti sèlman pou sèvis Health Safety Net yo. Kouvèti a ap kòmanse nan dat moun k ap bay swen sante fè detèminasyon an e l ap rive nan finisman mwa apre lè yo te fè detèminasyon ak prezonpsyon an. Sepandan, kouvèti a ka fini pi bonè si pasyan an soumèt yon aplikasyon konplè jan yo dekri l anwo a.

Pou asistans finansye lopital la bay la, yon aplikan dwe jeneralman prepare pou l bay dokiman sou revni yo ka verifiye pou manb fanmi imedyat li yo ki nan fwaye a. Kòm ekzanp dokiman yo genyen souch chèk, deklarasyon enpo, rapò avantaj chomaj, jijman sou pansyon alimantè elatriye.

Dokiman ki asosye ak aplikasyon yo te soumèt nan entèval 6 dènye mwa yo, y ap aksepte kòm kouran sòfsi sikonstans yo te chanje epi yo te ka bay prèv pou sa.

Ou ka jwenn yon kopi regleman ak fòm aplikasyon nou an gratis pa mwayen sa yo ki anba a :

- Sit entènèt Brockton Hospital la : <https://www.signature-healthcare.org/Patients-Visitors/Patient-Forms/Financial-Assistance>
- Nan depatman ijans nou an ak nan zòn kote pasyan ki vin nan randevou yo anrejistre yo
- Rele (508) 941-7919 pou fè demand pou voye kopi pa lapòs oswa elektwonikman.
- Vizite biwo Konsèy Finansye a ki tou kole ak Biwo Enfòmasyon an nan 680 Centre St., Brockton, MA pou jwenn èd pou ranpli aplikasyon an oswa asistans finansye.

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 10 nan 11

Lopital la pap refize bay asistans finansye anba regleman asistans finansye akòz enfòmasyon oswa dokimantasyon sofsi yo te endike enfòmasyon oswa dokimantasyon an nesèsè nan detèminasyon asistans finansye atravè fòm aplikasyon an.

E.3 Wòl konseye finansye lopital la

Lopital la ap ede moun ki pa asire yo ak moun asirans yo genyen an pa sifi pou aplike pou kouvèti swen sante atravè pwogram asistans piblik (ki gen ladan l, men pa limite a sa yo sèlman : MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere ak Children's Medical Security Program nan) ak travay ak moun yo pou anwole yo lè l apwopriye. Lopital la ap ede tou pasyan yo ki swete aplike pou asistans finansye nan lopital la, ki gen ladan l kouvèti atravè Health Safety Net ak Medical Hardship.

Lopital ap :

- a) bay enfòmasyon sou tout kalite pwogram ki gen ladan l, MassHealth, pwogram pou ede peye pou asirans Health Connector ap jere, Children's Medical Security Program nan, Health Safety Net ak Medical Hardship ;
- b) ede moun yo konplete yon nouvo aplikasyon pou kouvèti oswa soumèt yon aplikasyon pou renouvle kouvèti a ;
- c) travay avèk moun yo pou jwenn tout dokimantasyon yo ekzije yo ;
- d) soumèt aplikasyon yo oswa fòm pou renouvle yo (akonpaye ak tout dokiman yo ekzije yo) nan delè etabli a ;
- e) antre an kontak, lè sa aplikab ak jan yo pèmèt sa anba limitasyon sistèm aktyèl yo, avèk pwogram yo sou sitiyan aplikasyon ak fòm renouvèlman yo ;
- f) ede fasilite anwolman aplikan an oswa benefisyè yo nan pwogram asirans yo ; ak
- g) ofri ak bay asistans pou anrejistre elektè yo.

Lopital la ap konseye pasyan yo sou obligasyon yo pou yo bay lopital ak ajans eta a ki konsène yo enfòmasyon ekzat ak nan delè yo ba yo a konsènan non konplè yo, adrès yo, nimewo telefòn yo, dat nesans yo, nimewo sekirite sosyal yo (si l disponib), tout lòt kouvèti asirans yo genyen aktyèlman, ki gen ladan l asirans kay, asirans machin ak lòt asirans kont tyès) ki ka kouvri depans pou swen yo te resevwa yo, nenpòt lòt resous finansye yo genyen, ak enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans yo. Y ap soumèt enfòmasyon sa yo bay eta a kòm yon pati pwogram asistans piblik la pou detèmine kouvèti pou sèvis yo bay moun yo.

Si moun nan oswa moun ki te ba l garanti pa an mezi pou bay enfòmasyon nesèsè yo, lopital ka (sou demand moun nan) fè efò rezonab pou yo jwenn nenpòt lòt enfòmasyon adisyonèl nan lòt sous. Jan efò sa yo gen ladan yo tou, travay ak moun yo, lè yo mande sa, pou detèmine si yo dwe voye yon bòdwo bay moun nan pou asiste l pou l satisfè dediktib pou yon sèl fwa a. Sa ap rive lè moun nan ap fè randevou pou sèvis yo, pandan anrejistremant alavans, pandan moun nan ap vin entène nan lopital la, lè y ap ekzeyate l, oswa pandan yon tan rezonab apre yo te ekzeyate moun nan nan lopital la. Enfòmasyon CAC yo jwenn yo, y ap kenbe an akò ak lalwa sou lavi prive ak sekirite federal ak eta a ki an vigè yo.

Lopital la ap fè pasyan an konnen pandan pwosesis aplikasyon an responsablite l pou l rapòte bay ni lopital la ni ajans eta a k ap bay kouvèti pou swen sèvis sante a nenpòt tyès pati ki ka responsab pou peye pou reklamasyon yo, ki gen ladan yo, asirans kay, asirans machin oswa lòt asirans kont tyès.. Si pasyan

**MANYÈL REGLEMAN ADMINISTRATIF
SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON
HOSPITAL LA**

Sijè : Regleman sou asistans

Paj 11 nan 11

an te soumèt yon reklamasyon bay yon tyès pati oswa l te antreprann yon pwosè kont yon tyès pati, CAC ap fè pasyan an konnen obligasyon l pou l fè kote k ap ba l swen ak pwogram eta an konn sa nan yon entèval 10 jou. Y ap enfòmè pasyan an tou, li dwe repeye ajans eta apwopriye a lajan pwogram eta a te peye pou swen sante l yo si yo peye l lajan reklamasyon an oswa se pou l bay eta a dwa pou pèmèt li rekipere lajan l te peye a.

Lè moun nan kontakte lopital la, lopital la ap fè tantativ pou l idantifye si moun nan kalifye pou yon pwogram asistans piblik oswa pou pwogram asistans finansye lopital la. Yon moun ki anwole nan yon pwogram asistans piblik ka kalifye pou yon seri avantaj. Moun yo ka tou kalifye pou asistans adisyonèl ki baze sou pwogram asistans finansye lopital la ak sou revni yo dokimante moun nan genyen an, ak sou depans medikal yo pèmèt yo.

REVIZE PA :

Direktè Finansye a
KONSÈY REGLEMAN ADMINISTRATIF
Konsèy Finans la
Konsèy Administrasyon an

DAT :

Septanm 2019
Septanm 2019
Septanm 2019
Septanm 2019

Referans yo : I.R.C. 501 (r)

SIGNATURE HEALTHCARE BROCKTON HOSPITAL

Rezime regleman sou asistans finansye a nan yon langaj ki klè Assistance Policy Plain Language Summary

Brockton Hospital, yon lopital ki pa la pou l fè pwofi, se yon lopital ki pran swen malad grav ki te etabli pou l sèvi bezwen rezidan vil Brockton nan ak kominote avwazinant yo. Lopital la pran angajman pou l bay tout pasyan sèvis medikal san l pa konsidere si yo genyen oswa yo pa genyen posiblite pou yo peye. Brockton Hospital rekonèt se pa tout pasyan yo ki gen resous finansye pou yo peye bòdwo medikal yo. Rezime nan langaj klè sa a bay enfòmasyon de baz yo sou regleman nou yo.

Regleman sou asistans finansye (sig anglè a se FAP) Brockton Hospital la

Pwogram asistans finansye a ofri sèvis ijans ak lòt sèvis ki medikalman nesèsè a yon pri ki ba pou pasyan ki kalifye yo. Si yon pasyan pa asire oswa asirans li genyen an pa sifi, li ka aplike pou asistans finansye. Anplwaye konsèy finansye nou yo ap ede moun yo pou aplike pou pwogram asirans sante gouvènman an yo kalifye pou yo a ak ranpli aplikasyon MassHealth / Health Safety Net nou itilize pou pwogram asistans finansye nou an.

Yo p ap mande pasyan ki kalifye yo pou yo peye pi plis pase kantite lajan pwogram Medicare a peye. Yo pap mande okenn moun ki kalifye pou FAP pou l peye plis jeneralman pou swen ijans oswa ki medikalman nesèsè.

Tanpri remake : Ko-peman, ko-asirans ak dediktib pa kalifye pou asistans finansye.

Ijan pou w jwenn kopi Regleman sou pwogram asistans finansye nou an, aplikasyon ak lis pwofesyonèl sante ki gen kouvèti ak ki pa gen kouvèti

Ou ka jwenn yon kopi regleman ak fòm aplikasyon nou an gratis pa mwayen sa yo ki anba a :

- Sit entènèt Brockton Hospital la.-
<https://www.signature-healthcare.org/Patients-Visitors/Patient-Forms/Financial-Assistance>
- Nan depatman ijans nou yo ak zòn kote pasyan klinik ekstèn yo vin anrejistre yo
- Rele nan (508) 941-7919 pou w mande pou yo voye kopi yo swa pa lapòs swa elektwonikman oswa pou plis enfòmasyon
- Al vizite biwo konsèy finansye nou an ki adjasan a biwo enfòmasyon an nan 680 Centre St., Brockton, MA
- Pou w jwenn èd pou w ranpli yon aplikasyon oswa pou mande asistans finansye, al nan biwo konsèy finansye a ki adjasan a biwo enfòmasyon an ki nan 680 Centre St., Brockton, MA oswa rele (508) 941-7919.
- Retounen aplikasyon w nan ki fin konplete bay :
Depatman konsèy finansye a

680 Centre Street
Brockton, MA 02302

Regleman sou asistans finansye, aplikasyon ak rezime an langaj ki klè disponib nan plizyè lang

-Anglè -Panyòl
-Potigè -Kreyòl Ayisyen

Kalite sèvis yo regleman sou asistans finansye ap kouvri

Regleman asistans finansye lopital la kouvri tout kote sa yo ki anba a kote pasyan yo ka jwenn tou enfòmasyon sou disponiblite pwogram asistans piblik yo :

- *Brockton Hospital*
 - o 680 Centre Street, Brockton, MA
- *Brockton Hospital Outpatient Care Center*
 - o 130 Quincy Avenue, 1ye ak 2zyèm etaj, Brockton, MA
- *Signature Healthcare Brockton Hospital*
 - o 110 Liberty Street, 1ye etaj, swit # 1B, Brockton, MA
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Imaging*
 - o 31 Roche Brothers Way, Easton, MA
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Rehabilitation ak Primary Care Services*
 - o 1215 Broadway, 1ye ak 2zyèm etaj, Raynham, MA
- *Signature Hospital @430 Liberty Street*
 - o 430 Liberty Street, swit # 7, Hanson, MA
- *Signature Healthcare Brockton Hospital Rehabilitation Services*
 - o 635 Plymouth Street, East Bridgewater, MA 02333
- *Signature Healthcare Cancer Treatment Center,*
 - o 25 Libby Street, 1ye ak 2zyèm etaj, Brockton, MA
- *Brockton Radiation Oncology, LLC*
 - o 25 Libby Street, Brockton, MA
- *Shields Signature Imaging, LLC*
 - o 680 Centre Street, Brockton, MA

Enpòtan : Pasyan yo / moun ki bay garanti yo ka aplike pou asistans finansye nenpòt lè anvan yo resevwa sèvis jiska san katreven (180) jou apre yo te voye premye bòdwo apre ekzeyat la ba yo.

**SIGNATURE HEALTHCARE
BROCKTON HOSPITAL**

Septan
m 2019

**SIGNATURE HEALTHCARE
BROCKTON HOSPITAL
PAJ SIYATI APWOBASYON REGLEMAN YO**

TIP DOKIMAN : X Regleman administratif # 400.415

NOUVO DOKIMAN : Wi X Non

NON DOKIMAN AN : Regleman sou asistans finansye
DEPATMAN : Finans

APWOUVE PA	SIYATI	EKRI NON AN KARAKTÈ ENPRIMRI :	DAT YO APWOUVE L LA :
PREZIDAN KOMITE REVIZYON REGLEMAN YO		Kim Walsh, RN	5 novanm 2019
VIS PREZIDAN KONTWÒL KALITE		Barbara Curley, RN	5 novanm 2019
PREZIDA KONSÈY ADMINISTRASYON AN		Joseph Drier	11 mas 2019